

Èd Apre Dezas

Gid Aplikan pou Pwogram Endividyèl & Familyal

FEMA 545 / Jiyè 2008

Applicant's Guide to the Individuals & Households Program - Haitian Creole 7/08



Ajans Federal Administrasyon Ijans (Federal Emergency Management Agency – FEMA) sou lotorite seksyon 408 de Robert T. Stafford Zak Èd pou Dezas ak Asistans pou Ijans (Robert T. Stafford Disaster Relief and Emergency Assistance Act), 42 U.S.C. §5174, epi Tit 44 de Regilasyon Kòd Federal (Code of Federal Regulations – CFR) gen dwa founi asistans finansyè epi, si nesesè, sèvis dirèk pou endividé ak fanmi ki elijib, ki gen de bezwen serye ak de depans nesesè akòz yon gwo dezas, epi yo pa gen kapasite pou fè fas a depans oubyen bezwen sa yo nan okenn mannyè.

Chè Aplikan:

Kòm yon pati nan zefò n ap fè pou nou kab kominike aklè ekzijans, dokimantasyon ak pwosedi pou Pwogram Endividyle ak Familyal FEMA (Individuals and Households Program – IHP), n ap founi w gid sa a. Ti liv sa a gen de enfòmasyon itil sou pwogram IHP yo. Pou kesyon espesifik sou dezas, li toujou pi bon pou vizite sit entènèt nou nan www.fema.gov oswa kontakte FEMA Liy-Asistans (Helpline) nan 1-800-621-3362 (FEMA) (TTY 1-800-462-7585 pou moun ki gen difikilte pou tandé).

An repons a Lwa Refòm Administrasyon Ijans Apre Katrina (Post Katrina Emergency Management Reform Act) de 2006, FEMA nan yon pwosesis de mete politik ak pwogram nou yo ajou pou enkli nouveau otorite ke Kongrè a delege nan FEMA. Pandan nouveau politik ak pwosedi yo ap mete anplas, nouveau gid aplikan sa a ki ajou, pral disponib pou piblik la sou sit entènèt FEMA, nan Sant Rekiperasyon Dezas nou yo, epi pa lapòs pou tout aplikan k ap aplike pa telefòn oubyen sou entènèt.

Pwogram FEMA yo kreye pou ede endividyi ak fanmi yo fè fas a bezwen esansyèl yo epi pran premye pa pou rekonstriksyon. Pwogram FEMA yo pa fèt pou remete tout kay oswa tout byen (pwopriyete) nan fason yon te ye anvan dezas la te fèt.

N ap tann pou n fè patnè avèk ou nan pwosesis rekiperasyon pandan oumenm ak kominote w ap rekonstri apre yon dezas.

Avèk Senserite,

FEMA Asistan Direktwa pou Dezas

TAB DÈ MATYÈ

Revizyon Pwogram Pou Endividé ak Fanmi	1
Kalite Asistans	1
Dwa Sivil Ou ak Asistans pou Dezas	2
Pwosedi Asistans pou Dezas	2
Elijibilite pou Pwogram	4
Ki Kalite Pèt ki Elijib	5
Enfòmasyon Enpòtan sou Èd pou Dezas	6
Si w Elijib pou Èd	7
Enfòmasyon Sou Asirans ak Èd pou Dezas	8
Mwen Vle Yo Revwa Ka m Ankò (Apèl)	9
Rekonstriksyon ak Reparasyon— Mezi Alèjman	11
Enfòmasyon Osijè Pwogram Asistans Adisyonèl pou Dezas	12
Kesyon yo Mande Souvan ak Repons	16
Deskripsyon Rezon ki Inadmisib yo	22
Echantiyon – Fòm 90-69B FEMA	29
FEMA Liy pou Rele pou Fwòd	29

Revizyon Pwogram Pou Endividé ak Fanmi (IHP)

BI: Lè dezas rive, **Pwogram Endividé ak Fanmi (Individuals and Households Program – IHP)** founi lajan ak sèvis bay moun dan zòn dezas la lè pèt yo pa kouvri pa asirans epi pwopriyete yo domaje oubyen detwi.

Gid pwogram sa a ap bay enfòmasyon ki pral ède w konprann IHP a epi eksplike kijan pou aplike. Ou fèt pou ranpli tout kondisyon elijibilite yo pou w kapab kalifye pou èd.

IHP kreye pou ede w ak depans kritik ki pa kapab kouvri okenn lòt jan.

LIMIT: IHP pap kouvri tout pèt ou fè nan domaj ki rive sou pwoprite w (kay, byen pèsònèl, mèb, eks.) kòm rezulta de dezas la.

IHP pa fèt pou l remete pwopriyete domaje w la nan kondisyon li te ye anvan dezas la. Nan sèten ka, IHP gen dwa bay sèlman ase lajan, selon limit pwogram la, pou pèmet ou remete yon inite an sèvis.

IHP pa kouvri pèt an relasyon ak biznis ki rive akòz dezas la.

Lalwa pa pèmèt IHP bay w lajan pou pèt ou fè ki kouvri pa asirans ou.

Pandan kèk lajan disponib nan IHP, laplipa èd pou dezas de gouvènman Federal la sou fòm prè nan **Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration – SBA)** ki fèt pou remèt (re-peye). Yo gen dwa mande aplikan nan IHP pou yo chache èd nan men SBA an premye, anvan yo konsidere kèk kalite èd nan IHP. Ou pa bezwen soumèt yon aplikasyon pou yon prè SBA pou yo kapab konsidere w pou asistans lwaye nan FEMA.

Kalite Asistans

Lis piba a ap montre ki kalite asistans ki disponib atravè IHP epi kisa chak ap ofri.

Lojman Tanporè (yon kote pou w abite pandan yon ti tan): La jan disponib pou lwe yon lòt kote pou viv, oubyen yon inite lojman founi pa gouvènman lè pwopriyete pou lwe pa disponib.

Reparasyon: Gen lajan disponib pou pwopriyetè pou fè reparasyon pou domaj dezas ki pa kouvri pa asirans. Bi a se pou pèmèt kay domaje a vin pi ansekirite, sanitè epi kab fonksyonen.

Ranplasman: Gen lajan disponib pou pwopriyetè pou ranplase kay yo ki demoli nan dezas ki pa kouvri pa asirans. Bi a se pou ede pwopriyetè yo ak depans pou ranplanse kay demoli yo a.

Konstriksyon Lojman Pèmanan/Demi Pèmanan: Asistans dirèk oubyen lajan pou konstriksyon yon lojman. Kalite sa a jwenn sèlman pou zile ak zòn rekile espesifye pa FEMA, kote pa gen okenn lòt kalite asistans posib.

Lòt Bezwèn: Gen lajan disponib pou depans ki nesesè ak pou bezwen serye ki rive akòz dezas la. Sa enkli depans medikal, dantè, fineray, byen pèsonèl, transpò, demenajman ak depo ak lòt depans ke lalwa otorize.

Dwa Sivil Ou ak Asistans pou Dezas

Lalwa Robert T. Stafford Èd pou Dezas ak Asistans pou Ijans (Robert T. Stafford Disaster Relief and Emergency Assistance Act – Stafford Act) se lwa ki otorize asistans Federal lè Prezidan declare yon Leta se yon zòn dezas. Seksyon 308 de Ak Stafford la pwoteje endividé kont prejije poutèt ras, koulè, reliyon, nasionalite, sèks, laj oswa estati ekonomik nan tout pwogram asistans pou dezas. Seksyon 309 nan Lwa Stafford la aplike pwovizyon anti-prejije sayo pou tout òganizasyon prive èd k ap patisipe nan zefò repons ak rekiperasyon yo.

De plis, Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil de 1964 la (1964 Civil Rights Act) pwoteje endividé a kont prejije poutèt ras, koulè oswa nasionalite dorijin yo nan pwogram k ap resevwa asistans nan men gouvènman Federal. Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon (Rehabilitation Act) a se yon lwa Federal ki pwoteje endividé ki gen dizabilite kont diskriminasyon nan tout pwogram k ap resevwa lajan nan men gouvènman Federal oswa ki dirije pa gouvènman Federal la. Seksyon 508 nan lwa sa a entèdi diskriminasyon kont moun andikape nan sa ki gen pou wè ak sistèm teknoloji dirije pa gouvènman Federal la.

Pwosedি Asistans pou Dezas

Pou itilizasyon moun ki nan zòn dezas declare pa Prezidan an:

1. **Aplike sou entènèt nan www.fema.gov oswa pa telefòn lè w rele 1-800-621-3362 (FEMA) (Soud/mal-palan SÈLMAN—rele 1-800-462-7585).** An plis de papye ak plim, ou fèt pou genyen tou pare enfòmasyon ki ekri pi ba yo:

- Número Sekirite Sosyal ou.

- Deskripsiyon pèt ke w fè akòz dezas la.
- Enfòmasyon sou asirans.
- Direksyon pou rive nan pwopriyete domaje w la.
- Número telefòn kote nou kab jwenn ou.

Lè w aplike nan telefòn, enfòmasyon w bay yo rantre nan yon konpyutè epi aplikasyon an fèt. Lè aplikasyon an konplè, yo pral bay w yon número aplikasyon FEMA.

Si w gen kesyon APRE w fin aplike pou asistans oswa enfòmasyon w bay yo vin chanje, rele Liy-èd FEMA nan 1-800-621-3362 (FEMA) (soud/mal-palan SÈLMAN—rele 1-800-462-7585). Lè w ap rele, gen número aplikasyon w la tou pare. Yo pral bay w número sa lè w fè aplikasyon an epi li pral sou tout korespondans ke IHP ap voye bay w.

2. Kilè yon enspektè pral kontakte mwen? Si w pa asire oswa manke kouvèti nesesè nan asirans la, yon enspektè pral rele w pou pran yon randevou pou vizite pwopriyete w la. Nan sèten ka, yo gen dwa kontakte w menm jou w aplika a. Sepandan, nan laplipa ka, enspektè a pral rele w nan pwochen detwa jou yo, men dabitid pa pita pase 10 jou.

Enspektè a pral evalye domaj dezas fè sou pwopriyete ak byen pèsonèl ou. Pa gen frè pou enspeksyon an. Enspektè yo se de kontraktè, yo pa anplwaye FEMA, men enspektè w la pral gen yon idantifikasyon ak foto. Oumenm oswa yon moun ki gen 18 tan ki te abite nan kay la anvan dezas la te rive, fèt pou preznan lè randevou a.

Enspektè a pral bezwen wè idantifikasyon w e ou fèt pou bay prèv posesyon (pou pwopriyetè yo) ak rezidans pou montre bay enspektè a.

Enspektè a pral mande w pou siyen yon fòm otorizasyon pou FEMA kab verifye ke enfòmasyon w bay yo korèk. **Enspektè yo soumet rapò men yo pa detèmine si w elijib oubyen w pa elijib.**

3. Nan apeprè 10 jou apre vizit enspektè a, ou pral resevwa yon lèt IHP k ap enfòme w de desizyon sou demann èd ou a.

- **Si w elijib pou èd,** apre w resevwa lèt la ou pral resevwa yon chèk de “US Treasury” oswa de Leta oubyen pral gen yon transfè lajan sou kont labank ou a. Lèt la pral eksplike w kijan pou lajan an itilize, kisa pou l peye. Ou fèt pou itilize lajan w resevwa a jan yo eksplike w nan lèt la.
- **Si w pa elijib pou èd,** lèt la pral di w pouki rezon yo pran desizyon sa a. Yo pral enfòme w nan lèt la tou de dwa ke w genyen pou fè apèl.

- **Si yo te refere w bay Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration) (SBA) pou èd pa Pwogram Asistans Dezas SBA, ou pral resevwa yon aplikasyon pou SBA.**

Elijibilite pou Pwogram

Pou resevwa lajan pou èd pou Bezwen Lojman ki se rezulta dezas, tout sa k ap swiv la a fèt pou laverite:

- Ou aplike pou benefis nan asirans ou men domaj sou pwopriyete w yo pa kouvri pa asirans la. Ou gen dwa elijib pou asistans nan IHP pou fè reparasyon pou domaj sou pwopriyete w la.
- Oumenm oswa yon moun ki abite avèk ou ki se yon sitwayen Etazini, rezidan, oswa yon etranje kalifye.
- Kay ou a nan yon zòn ke Prezidan declare kòm zòn dezas.
- Kay ki nan zòn dezas la se kote ou abite pou pi fò pati nan lane a.
- Li pa posib pou w viv nan kay ou a kounye a, ou pa kapab rive nan kay ou akòz dezas la, oswa kay ou a bezwen reparasyon akòz domaj ki fèt nan dezas la.

Pou resevwa lajan pou Lòt Bezwen ke Lojman ki se rezulta dezas la, tout sa k ap swiv la a fèt pou laverite:

- Ou gen de pèt nan yon zòn ke Prezidan deklare kòm zòn dezas.
- Ou aplike pou benefis nan asirans ou men domaj sou byen pèsonèl ou yo pa kouvri pa asirans la. Ou gen dwa elijib pou asistans nan IHP pou fè reparasyon sou domaj sou pwopriyete w la.
- Oumenm oswa yon moun ki abite avèk ou ki se yon sitwayen Etazini, rezidan, oswa yon etranje kalifye.
- Ou gen de depans nesesè oswa de bezwen serye akòz dezas la.
- Ou aksepte asistans nan men tout lòt sous kote w elijib yo, tankou asirans oswa prè nan SBA.

Ou gen dwa pa elijib pou lajan oswa èd nan men IHP si:

- Ou gen yon lòt lojman adekwat gratis ke w kab itilise (pa ekzanp, lojman pou lwe ki pa gen moun ki abite l).

- Kay ki domaje w la se dezyèm kay oswa kay vakans ou.
- Depans ke w fè yo se sèlman pase w te kite kay w a kòm prekosyon epi apre sa w te tounen touswit e kab viv nòmal nan kay w a.
- Ou refize asistans nan men asirans ou a (yo).
- Sèl pèt ou fè se pèt biznis (enkli biznis fèm (jaden) apa kay fèm nan epi lè w gen pwòp biznis w) oswa eleman ki pa kouvri nan pwogram sa a.
- Kay domaje kote w ap viv la sitiye nan yon zòn ki declare zòn inondasyon epi kominate w la pap patisipe nan Pwogram Asirans Nasyonal pou Inondasyon. Nan ka sa a, domaj inondasyon sou kay w a pap kouvri, men ou gen dwa kalifye pou asistans lokasyon oswa bagay ki pa kouvri nan asirans inondasyon, tankou pwi dlo, sistèm septik, medikal, dantè oswa depans fineray.

Ki Kalite Pèt ki Elijib

IHP kouvri sèlman reparasyon oswa ranplasman pou bagay ki domaje kòm rezulta dirèk de yon dezas ki pa kouvri pa asirans. Reparasyon oswa rekonstriksyon gen dwa pa remete kay w a nan yon kondisyon ki pi bon pase jan l te ye anvan dezas la sòf si amelyorasyon sayo nesesè selon aktyèl Kòd Konstriksyon yo.

Bezwen Lojman: Lajan pou fè reparasyon pou kay ou limite a sa ki nesesè pou fè kay ou san danje ak sanitè pou kapab viv ladann. IHP pap peye pou mete kay w a nan kondisyon li te ye anvan dezas la te fèt. Ou gen dwa sèvi ak lajan yo bay w pou reparasyon lojman w la nan jan sayo:

- Pati estrikti kay w a (fondasyon, mi eksteryè epi twati).
- Fenèt, pòt, planche, mi, plafon, ak bifèt.
- Sistèm septik, egou.
- Pwi oswa lòt sistèm dlo.
- Chofaj, vantilasyon ak sistèm èkondisyon.
- Sèvis piblik (elektrik, sistèm dlo ak gaz).

- Chemen pou rantre ak sòti de kay ou, ikonpri rout daksè prive.
- Bloke, egalize ak mare yon kay mobil epi rekonekte oswa re-òganize sistèm egou, dlo, elektrik ak tiyo gaz ak tank.

Lòt Bezwen ki pa pou Lojman: Lajan pou fè reparasyon sou pwopriete domaje w oswa pou peye pou depans nesesè akòz dezas la ak bezwen serye yo limite a bagay oswa sèvis ki ede anpeche oswa simonte difikilte, blesi oswa kondisyon kontrè an relasyon ak dezas la. IHP pap peye pou retounen oswa ranplase pwopriyete w la nan kondisyon li te ye anvan dezas la. Ou gen dwa sèvi ak lajan yo bay w pou lòt bezwen apa lojman nan jan sayo:

- Depans medikal ak dantè an relasyon ak dezas la.
- Depans pou fineray ak lantèman an relasyon ak dezas la.
- Vètman; mèb (mèb ak aparèy pou kay) zouti (espesyalize, vètman pwotektif ak ekipman) nesesè pou travay ou; materyèl edikatif nesesè (konpyutè, liv ak founiti lekòl).
- Pwovizyon pou sous prensipal chofaj (lwil chofaj, gaz, bwa dife).
- Materyèl netwayaj espesifik pou dezas (aspiratè mouye/sèk, dezenfektan lè, aparèy retire imidite).
- Yon vwati domaje pa dezas la.
- Depans pou demenajman ak depo an relasyon ak dezas (deplase epi estoke pwopriyete pou evite plis domaj an relasyon ak dezas la pandan reparasyon ap fèt nan kay la).
- Lòt depans nesesè oswa bezwen seryè jan yo detèmine pa FEMA.

Enfòmasyon Enpòtan sou Èd pou Dezas

Lajan w resevwa de IHP pou Lojman ak Lòt Bezwen Apa Lojman fèt pou itilize sèlman pou depans ki elijib yo, jan FEMA idantifye yo:

- Si w pa itilize lajan an jan FEMA eksplike a, ou gen dwa pa elijib pou èd anplis epi ou gen dwa oblige remèt lajan an.
- Dabitid li limite jiska 18 mwa apre dat Prezidan declare dezas la.

- Pa bezwen re-paye (remèt).
- Li san-taks.
- Li pa konte tankou yon revni oswa yon resous lè y ap detèmine si w elijib pou byennèt-sosyal (welfare), asistans pou revni, oswa pwogram benefis pou revni peye pa gouvènman Federal.
- Li ekzante de arè, sezi, ankonbreman, prelèvman, ekzekisyon, angajman, degajman, oswa taks.
- Li pakapab redistribye oswa transfere bay yon lòt moun.
- *Fòk ou kenbe tout resi ak bòdwo pandan 3 zan pou demonstre kouman lajan a te itilize pou fè fas a bezwen ke w te genyen akòz dezas la.*

Anvan ke w kòmanse nenpòt reparasyon, cheke ak depatman konstriksyon lokal w a pou konnen ki pèmi oswa ki enspeksyon ki pral nesesè.

Si w Elijib pou Èd

Si aplikasyon pou èd nan IHP te ranpli tout kondisyon yo epi te apwouve, lajan oubyen asistans la fèt pou itilize jan li ekri piba la. Lajan ke w resevwa nan pwogram sa a **pa** gen dwa sèvi pou peye pou abite avèk yon fanmi oswa yon zanmi. Piba gen eksplikasyon de kategori sayo.

Dantè: Lajan pou fè fas a depans pou trètman dantè akòz blesi dantè ou resevwa pandan dezas la.

Fineray: Lajan pou fè fas a depans pou sèvis fineray, lantèman oswa ensinere ansanm ak lòt depans an relasyon ak lamò akòz dezas la.

Reparasyon Kay: Lajan disponib pou pwopriyetè, pou fè fas a depans men-dèv ak materyèl pou fè reparasyon nan kay ou pou l kapab vin san danje, sanitè epi/oswa fonksyonèl.

Asistans Lojman: Èd ak depans pou bezwen lojman akòz dezas la.

Medikal: Lajan pou fè fas a depans pou trètman medikal oswa achte ekipman medikal ki nesesè pou blesi fizik ke w resevwa akòz dezas la.

Demenajman ak Depo: Lajan pou fè fas a depans pou demenaje ak estoke byen pèsonèl ou sòti de lojman domaje w la pou evite plis domaj akòz dezas la.

Lòt: Lajan pou fè fas a depans pou lòt bezwen espesifik an relasyon ak dezas, ki apwouve pou dezas.

Lojman Pèmanan/Demi Pèmanan: Akòz de mank resous pou fè lokasyon, enposiblite pou fè reparasyon sou kay la ak asistans pou jwenn lojman de ranplasman epi mank kontraktè konstriksyon nan zòn w a, FEMA pral fè rekonstriksyon kay w a.

Byen Pèsonèl: Lajan pou fè fas a depans pou reparasyon ak/oswa ranplasman bagay domaje pa dezas la, tankou mèb, linj kay, aparèy kay, ak vètman.

Asistans Lokasyon: Lajan pou fè fas a depans pou lwe yon lòt kote pou w viv. Pou pwopriyetè kay, lajan sa a gen dwa founi anplis de Reparasyon Kay (Home Repair), si li nesesè.

Lojman de Ranplasman: Lajan pou ede ak depans pou ranplase lojman w, jis nan limit ke lalwa pèmè, akòz li pa ansekirite, sanitè ak/oswa fonksyonèl.

Akomodasyon Tanporè: Lajan pou fè fas a depans pou lojman tanporè (lotèl oswa motèl) an relasyon ak dezas la.

Transpò: Lajan pou fè fas a depans pou repare ak/oswa ranplase otomobil ou ki pa kapab sèvi ankò akòz domaj an relasyon ak dezas la.

Enfòmasyon Sou Asirans ak Èd pou Dezas

Si w poko deja kontakte ajan asirans ou pou ranpli reklamasyon w, tanpri fè li pi bonè ke w kapab. Si w pa ranpli yon reklamasyon ak konpayi asirans ou li gen dwa afekte jan w elijib pou asistans nan IHP. Apre w fin ranpli reklamasyon w nan, si nenpòt nan sitiyasyon ki dekri piba a rive, tanpri rele FEMA Liy-èd Dezas nan 1-800-621-3362 (FEMA) pou enfòmasyon adisyonèl.

- **Règleman asirans w a anreta.** Si desizyon sou règleman asirans w a te anreta pou pi lontan pase 30 jou **depi tan w te ranpli reklamasyon w la**, ou pral gen pou ekri yon lèt a FEMA pou eksplike sikonstans yo. Ou fèt pou enkli dokiman de kompayi asirans la ki bay prèv ke w ranpli reklamasyon an. Si w ranpli

reklamasyon an nan telefòn, ou fèt pou enkli nimero reklamasyon an, dat ou te aplike, kantite tan apeprè w sipoze li pral pran pou w resevwa règleman an. Nenpòt èd ou resevwa nan men FEMA pral konsidere kòm yon avans e li fèt pou remèt yon fwa règleman asirans la rive.

- **Règleman asirans ou a pa kont pou fè fas a bezwen w an relasyon ak dezas la.** Si w resevwa maksimòm règleman nan men asirans w a epi ou toujou gen de bezwen an relasyon ak dezas la ki poko regle, ou fèt pou ekri yon lèt a FEMA pou endike bezwen w genyen akòz dezas la ki poko regle. Ou pral gen tou pou voye dokiman de kompayi asirans w a pou revizyon.
- **Ou fin pase tout Depans Adisyonèl pou Viv (Additional Living Expenses – ALE) ke konpayi asirans w a founi w.** Si w déjà resevwa maksimòm règleman nan asirans w a pou Depans Adisyonèl pou Viv (Pèt Itilizasyon) (Additional Living Expenses – Loss of Use) epi w toujou bezwen èd pou lojman tanporè akòz dezas la, ekri FEMA yon lèt pou endike l pouki w kontinye bezwen yon lojman tanporè. Ou pral bezwen tou pou founi dokiman ki bay prèv ke w fin itilize pòsyon lojman ALE nan asirans la, ansanm ak yon plan pou lojman pèmanan.
- **Ou pa kapab jwenn lojman pou lwe nan zòn w a.** Liy-èd FEMA a gen yon lis tout lojman pou lokasyon nan zòn dezas la. Si pa gen lojman disponib nan konte w la, lè sa a ajan Liy-èd la gen dwa founi w yon lojman nan yon konte akote.

Ou gen jiska 12 mwa apati de dat ou anrejistre ak FEMA pou soumett enfòmasyon sou asirans w a pou revizyon. Lalwa di IHP pa gen dwa bay lajan a de endivid oubyen fanmi pou pèt ki déjà kouvri nan asirans yo.

Mwen Vle Yo Revwa Ka m Ankò (Apèl)

Ou gen dwa fè apèl nenpò desizyon. Apèl yo gen dwa anrelasyon ak elijibilité w, kantite oswa kalite èd yo bay w, aplikasyon anreta, demann pou w remèt lajan, oswa kesyon osijè èd y ap kontinye ba w. Lè w fè apèl sou yon desizyon, w ap mande IHP pou l revwa ka w la yon lòt fwa ankò. Anvan w fè apèl sou yon desizyon, tanpri revwa enfòmasyon espesifik nan gid sa a osijè kalifikasyon pou èd, oswa revwa lèt yo te voye ba w pou elijibilité w pou asistans. Gid sa a dwe kapab ba w repons a laplipa kesyon ou gen dwa genyen sou depans ki kouvri nan pwogram sa a.

Si apre w fin revwa gid la, ou toujou pa dakò ak desizyon yo pran sou aplikasyon w la oswa èd w ap resevwa a, **swiv pwosedi piba a pou fè apèl sou desizyon an:**

Pwosedi pou fè Apèl:

1. Eksplike alekri poukisa ou kwè ke desizyon sou montant oswa kalite asistans w ap resevwa a pa korèk.
 - **Lè w ap soumèt lèt ou a**, tanpri enkli non w annantye, dat ak kote w fèt, epi adres ou. De plis, lèt ou a fèt pou li, swa notarye, enkli yon kopi yon kat idantifikasyon ke leta bay, swa enkli deklarasyon sa a: "Mwen, palaprezant, deklare anba penalite de fo-sèman ke tousa ki di la yo korèk e se laverite". Ou fèt pou siyen lèt la.
 - **Si se yon lòt moun oswa yon ko-aplikan k ap ekri lèt la**, lè sa a yon deklarasyon k ap di ke moun sa a ap agi nan non w fèt pou enkli.
2. Enkli nimo aplikasyon FEMA a ak nimo dezas la (ki ekri nan tèt lèt desizyon w la) nan lèt apèl w ap ekri a.
3. Poste lèt w a nan:

FEMA
National Processing Service Center
P.O. Box 10055
Hyattsville, MD 20782-7055

4. Ou gen dwa voye lèt apèl w a pa faks nan:

(800) 827-8112
Attention: FEMA

ENPÒTAN: Pou IHP kapab considere l, lèt apèl w a fèt pou poste nan 60 jou de dat lèt desizyon pou endividé oswa fanmi an. Sonje pou mete dat sou lèt ou a.

Mande dosye w:

Si w bezwen enfòmasyon osijè ka w la, oumenm oswa ko-aplikan sou aplikasyon an gen dwa mande yon kopi enfòmasyon nan dosye w lè w ekri nan:

FEMA – Records Management
National Processing Service Center
P.O. Box 10055
Hyattsville, MD 20782-7055

Pou ede pwoteje enfòmasyon pèsonèl prive w, nenpòt lè w ap ekri yon apèl oswa yon lèt demann pou FEMA ou fèt pou enkli non w annantye, dat ak kote w fèt, adrès rezidans domaje a, nimero aplikasyon FEMA a, ak nimero dezas la. Deplis, lèt w a fèt pou li, swa notarye, enkli yon kopi de yon kat idantifikasyon ke leta bay, swa enkli deklarasyon sa a: "Mwen, palaprezant, deklare anba penalite de fo-sèman ke tousa ki di la yo korèk e se laverite". Ou fèt pou siyen lèt la.


Si yon lòt moun oswa yon ko-aplikan ap soumèt apèl w a oswa ap mande yon kopi dosye w, lè sa a demann lan fèt pou l genyen yon deklarasyon ke w bay moun sa a otorizasyon pou l mande enfòmasyon sa a.

Rekonstriksyon ak Reparasyon – Mezi Alèjman

Mezi alèjman yo se konstriksyon amelyorasyon ki fèt pou diminye risk domaj dezas nan lefiti. Apre yon gwo dezas, ou pral pran plizyè desizyon pandan w ap rekonstri oswa repare pwopriyete ki domaje a. Sèten nan desizyon sayo kapab ede proteje pwopriye w la kont domaj si yon lòt dezas ta rive. Pa ekzanp, si aparèy oswa inite sèvis pliblik ou yo plase yonjan pi wo pase ratè, chans pou inondasyon pran yo diminye.

Yon Konseye FEMA sou Alèjman nan Sant Rekiperasyon pou Dezas la kapab bay w plis enfòmasyon sou kijan pou w redwi pèt nan lefiti atravè alèjman. Lis piba a ba w kèk ekzanp mezi alèjman:

- Leve oswa deplase panno elektrik yo
- Leve oswa deplase machin pou lave ak seche rad.
- Kore yon tank pou gaz.
- Nivle ak kore yon kay mobil (karavan)
- Leve, deplase oswa mare yon chofaj dlo.
- Deplase inite chofaj la.



Jan yo leve yon chofaj dlo, chofaj kay, machin pou lave ak seche.

Pou enfòmasyon sou pwojè alèjman tankou sa ki montre piwo la a, rele oswa vizite anplwaye administrasyon planifikasyon ijans lokal w a, Fonksyonè Leta pou Alèjman Aza, oswa anplwaye FEMA nan Sant Rekiprasyon Dezas. Ou gen dwa jwenn tou enfòmasyon sou alèjman nan: www.fema.gov.

Pou kòmande liv sou pwojè alèjman, rele “FEMA Publications” nan 1-800-480-2520.

Enfòmasyon Osijè Pwogram Asistans Adisyonèl pou Dezas

Seksyon sa a gen yon lis jeneral de tout kalite asistans dezas ki disponib pandan yon gwo dezas deklare pa Prezidan an. Pandan yon dezas majè, si w santi w gen de bezwen anrelasyon ak dezas la ke yon ajans oswa sèvis ki liste nan seksyon sa a gen dwa bay w aistans pou yo, ou fèt pou kontakte FEMA Liy-èd Dezas nan 1-800-621-3362 (FEMA) (malantandan/mal palan SÈLMAN—rele 1-800-462-7585) pou enfòmasyon referans.

Sèvis pou Moun-Aje: Gen sèvis ki disponib pou fè fas a bezwen moun-aje ki te dirèkman afekte pa yon gwo dezas (pa ekz., transpò, manje, swen adomisil, elatriye).

Èd pou Agrikilti: Developman Rural USDA (USDA Rural Development) gen dwa bay de prè ijans pou fèmye ak elvè (pwopriyetè oswa lokatè) ki tap opere ak dirije yon fèm oswa yon elvaj nan moman dezas la. Prè sayo limite a montan ki nesesè pou ranplase pèt aktyèl sou pwopriyete a epi/oswa kapasite pwodiksyon an. Fèmye ak elvè yo gen dwa aplike tou pou don depans pataje sou pwogram konsèvasyon an-ijans tankou retire debri nan teren chan/patiraj yo, reparasyon tè a, estrikti pou konsève dlo, ak kloti pèmanan. Plis enfòmasyon disponib nan Ajans Sèvis Fèm USDA (USDA Farm Service Agency – FSA).

Asistans Nan Men Enstitisyon Finansye yo: Bank ki manm Kòporasyon Asirans Depo Federal (Federal Deposit Insurance Corporation – FDIC), Sistèm Rezèv Federal (Federal Reserve System – FRS), oswa Konsèy Federal Bank Prè pou Lojman (Federal Home Loan Bank Board – FHLBB) kapab pèmèt ou retire lajan pi bonè nan depo atèm yo, san penalizasyon. Kontakte enstitisyon finansye w la pou w konnen si yo resevwa yon pèmi nan men ajans regilatwa yo.

Pwogram Prè pou Biznis: Prè pou dezas atravè Administrasyon Ti Bizmis (Small Business Administration – SBA) yo disponib pou biznis pou fè reparasyon oswa ranplase lokal biznis yo ki domaje, envantè, machin oswa ekipman yo. Maksimòm montan prè a se \$ 1,500,000. Si yo refere w nan pwogram sa a, ou pral resevwa yon pake pou aplikasyon pa lapòs. Pou plis enfòmasyon oswa èd pou konplete fòm sa a, refere w a aplikasyon SBA w la oswa SBA sou entènèt nan www.sba.gov.

Sèvis Konsomatè: Sèvis konsèy disponib pou konsomatè pou pwoblèm tankou rate pwodwi ak sèvis ki nesesè pou rekonstriksyon, ogmantasyon ekzajere pri, pratik malonèt nan biznis, eks.

Konsèy pou Kriz: Sèvis referans ak konsèy entèvansyon a koutèm disponib pou pwoblèm mantal ki rive akòz dezas la oswa vin agrave.

Asistans Chomaj Akòz Dezas: Asistans sa a founi pèman benefis chak semèn pou moun ki pa nan travay akòz dezas la, ikonpri moun ki gen pwòp biznis yo, pwopriyitè fèm ak elvaj, ak lòt moun ki kouvri nan pwogram asirans regilye pou chomaj yo.

Asistans pou Ijans: Ijans manje, vètman, lojman ak asistans medikal gen dwa founi bay endividé ak fanmi ki gen bezwen sayo akòz dezas la. Lakwa Rouj Ameriken (American Red Cross – ARC), Lame di Sali (Salvation Army), gwooup legliz ak lòt òganizasyon volontè gen dwa bay asistans.

Konsèy Finansyè: Founi gid ekonomik ak finansyè ak asistans pou endividé ak ti biznis ki afekte pa dezas la. **Kowalisyon Lespwa Amerik (Hope Coalition America)** ofri konsèy finansyè gratis epi founi dokiman itil tankou “Twous Premye Swen pou Ijans Finansyè” (Emergency Financial First Aid Kit) ak “Gid Preparasyon pou Dezas Pèsonèl” (Personal Disaster Preparedness Guide). Dokiman sayo disponib tou lè w telechaje yo pou gratis nan entènèt la sou sit wèb www.operationhope.org. Pou plis enfòmasyon ou kab rele: 1-888-388-4673 (HOPE).

Alèjman Aza: Ou gen dwa resevwa lajan pou anpeche domaj nan lefiti pou ekipman w yo (pa ekz., chofaj kay, chofaj dlo, sèvis elektrik) swa ou leve yo swa ou deplase yo nan kay la.

Pwogram Prè Lojman ak Pwopriyete (Byen) Pèsonèl: Prè dezas atravè Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration – SBA) disponib pou pwopriyetè kay ak lokatè pou yo restore oswa ranplase pwopriyete ak byen pèsonèl yo ki domaje. Maksimòm pòsyon nan prè a ki pou pwopriyete se \$200,000 e pou pwopriyete pèsonèl se \$40,000. Montan prè a limite a montan pèt ke SBA verifye e ki pa asire yo. Si yo refere w nan pwogram sa a, ou pral jwenn plis enfòmasyon nan “Rezime Aplikasyon” (Application Summary) sou do Fòm Aplikasyon pou Asistans Dezas la.

Enfòmasyon Asirans: Èd ak/oswa konsèy disponib sou pwoblèm asirans ak kesyon, ki gen dwa pou jwenn kopi polis asirans ki pèdi, ranpli fòm reklamasyon, akselere règleman, eks. Si w pat kapab regle pwoblèm ou ak konpayi asirans la ou gen dwa kontakte Komisyonè Asirans Leta w la. Pou kesyon sou asirans pou inondasyon, kontakte Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (National Flood Insurance Program – NFIP).

Sèvis Legal: Frè oswa sèvis legal orabè, ikonpri konsèy legal, konsèy ak reprezentasyon kapab bay a moun ti-revni ki se viktим dezas.

Sekirite Sosyal: Èd disponib nan men Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration – SSA) pou akselere livrezon chèk ki anreta akòz dezas epi pou asistans nan ranpli aplikasyon pou benefis Sekirite Sosyal pou andikape ak sivivans.

Asistans Taks Federal: Lalwa taks federal pèmèt Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service – IRS) pou l bay soulajman a moun ki peye taks ki viktим nan yon dezas ke Prezidan deklare. Soulajman sa a enkli retade dat limit pou peye taks yo pou bay w plis tan pou ranpli ak peye taks ou anvan pou yo evalye nenpòt penalite, montant adisyonèl, oswa adisyon sou taks, oswa bese enterè yo pou peryòd pandan w resevwa yon tan ekstra pou depoze fòm taks epi peye taks yo akòz ou te rete nan yon zòn ke Prezidan te declare zòn dezas.

Anjeneral, pèman pou asistan dezas ki kalifye pa gen pou yo rapòte kòm revni nan revni angwo w. Pèman pou asistans dezas ki kalifye enkli pèman ke w resevwa de nenpòt sous ki fèt pou peye depans rezonab ak nesesè pou bezwen pèsonèl, fanmi, pou viv, oswa pou frè fineray akòz yon dezas ke Prezidan deklare. IRS gen dwa pèmèt ke pèt ke w sibi sou kay, byen pèsonèl, ak ekipman yo dedwi sou deklarasyon taks ou si yo pat kouvri pa yon asirans. Peyè taks yo gen dwa tou ranpli yon deklarasyon taks ak chanjman pou resevwa ranbousman taks yo an-avans. Ou kab jwenn plis enfòmasyon, fòm ak piblikasyon sou entènèt la sou sit IRS nan <http://www.irs.gov/newsroom/article/0,,id=108362,00.html>.

Lòt Asistans pou Taks: Evalyatè taks nan konte a kapab founi w enfòmasyon ak asistans sou soulajman taks sou pwopriyete.

Benefis Veteran: Administrasyon Veteran (Veterans Administration - VA) gen dwa ba w yon livrezon rapid de enfòmasyon sou benefis, pansyon, pèman asirans, ak prèt ipotèk pou veteran.

Kesyon yo Mande Souvan ak Repons

1. Benefis pou Dezas: Ajans Federal Administrasyon Ijans (Federal Emergency Management Agency – FEMA)

Kisa FEMA ye? FEMA se yon Ajans Federal Administrasyon Ijans (Federal Emergency Management Agency) ki responsab founi ak fè kòdinasyon sèvis ijans nan yon zòn ki declare zòn dezas pa Prezidan an. FEMA ap travay kòm patnè ak lòt pati gouvènman Federal la ak Leta ak gouvènman lokal yo ak òganizasyon volontè yo.

Ki kalite pwogram asistans pou dezas ki disponib nan yon dezas? Gen de (2) pwogram Federal prensipal ki ofri asistans pou dezas:

- **Pwogram FEMA pou Endividé ak Fanmi** founi lajan ak sèvis dirèkman bay moun ki afekte pa yon gwo dezas. Pou w kalifye pou èd nan pwogram sa a ou fèt pou ranpli kondisyon yo.
- **Administrasyon Ti Biznis Etazini** founi de prè ak enterè ba pou domaj ki rive sou pwopriyete ki posede pa pwopriyetè kay, lokatè, biznis ak òganizasyon prive pa-pou-profi ki pa kouvri konplétman pa asirans.

Eske èd pou dezas yo pral gen pou remèt? Lajan ki resevwa atravè Pwogram FEMA pou Endividé ak Fanmi pa bezwen remèt. Prè ki soti nan Administrasyon Ti Biznis fèt pou remèt.

Eske m kab aplike pou asistans pou oto m ki domaje? Wi. Ou pral bezwen founi prèv ke w se pwopriyetè oto a ak enfòmasyon sou asirans la.

Eske m kab aplike pou asistans pou manje ki pèdi akòz dezas la? Non. Pèt pou manje pa kouvri nan IHP. Òganizasyon volontè ki nan zòn dezas la gen dwa anmezi pou yo ede w ak bezwen manje w yo.

Eske gen nenpòt pwogram ki kab peye pou demenajman ak depo? Depans pou demenajman ak depo kapab kouvri nan IHP, si depans sayo anrelasyon dirèk ak dezas la. Soumèt resi w bay IHP pou w konen si yo kouvri.

Kisa k pase apre m fin aplike pou èd nan men FEMA? Nan apeprè 10 jou apre w fin aplike nan FEMA, si w pa asire oswa kouvèti w genyen nan asirans la pa ase, yon enspektè kalifye pral kontakte w pou pran yon randevou pou l vin vizite pwopriyete w

la pou 1 kab evalye domaj ke dezas la fè. Pèt ou yo pral anrejistre epi soumèt bay IHP. Nan apeprè 10 jou, ou ta fèt pou jwenn yon desizyon de IHP si wi ou non ou kalifye pou èd nan men IHP. Si yo te refere w nan Administrasyon Ti Biznis Etazini (SBA) pou yon prè dezas, SBA pral kontakte w tou epi tabli yon randevou pou revwa pèt ou yo ki anrelasyon ak dezas la.

Konbyen tan li pral pran pou jwen èd dezas FEMA/Leta a? Si w elijib pou èd, ou ta fèt pou resevwa yon chèk Depatman Trezò Ameriken (US Treasury)/Leta oswa yon notifikasyon ke yon depo fèt nan kont labank ou nan apeprè 10 jou apre vizit enspektè a. Lòt kalite asistans gen dwa founi pita, baze sou elijibilite ak bezwen espesifik.

Si m gen kesyon sou aplikasyon m nan oswa m bezwen chanje kèk enfòmasyon mwen bay, kisa pou m fè? Rele FEMA Liy-èd Dezas nan 1-800-621-3362 (FEMA) (soud/mal palan sèlman: 1-800-462-7585) oswa vizite sit entènèt nou nan www.fema.gov.

Se gen plis pase 12 jou depi enspektè FEMA a te vin vizite epi pokò gen repons toujou, kisa pou m fè? Rele FEMA Liy-èd Dezas nan 1-800-621-3362 (FEMA) (soud/mal palan sèlman: 1-800-462-7585) visite sit entènèt nou nan www.fema.gov pou tcheke estati aplikasyon w la. Si gen yon Sant Rekiperasyon Dezas (Disaster Recovery Center – DRC) nan zòn ou a, mande yo osijè aplikasyon w la.

Si mwen pa dakò ak rezulta enspeksyon an oswa ak montan lajan mwen resevwa nan men FEMA, kisa pou m fè? Ou kapab fè apèl desizyon an. Pwosedi pou apèl yo make nan gid sa a (paj 9), oswa ou kab Rele FEMA Liy-èd Dezas nan 1-800-621-3362 (FEMA) (soud/mal palan sèlman: 1-800-462-7585) pou enfòmasyon sou pwosedi apèl yo.

Ki kalite dokiman pwopriyetè mwen fèt pou founi kòm sipò de aplikasyon pou asistans mwen? Piba gen diferan kalite dokiman ki gen dwa founi pou bay prèv pwopriyetè:

- Tit ak Papye ofisyèl gen dwa se tit orijinal la oswa tit yon komite jesyon pou pwopriete a ki ekri non w sou lis kòm pwopriyetè legal pwopriete a.
- Nimero Tit la ki ekri non w sou lis kondisyonèl aktyèl la oswa dokiman tit pou acha rezidans la.
- Liv pèman ipotèk la oswa lòt dokiman ipotèk yo (pa ekz., notifikasyon pèman anreta, notifikasyon sezi) gen dwa itilize pou verifye pwopriyetè a lè non w liste ansanm ak adrès rezidans domaje a.
- Asirans pou pwopriete reyèl la fèt pou rezidans domaje a ak non w liste etan asire a.

- Resi taks oswa yon bòdwo taks pwopriyete a ki montre rezidans domaje a epi ki liste w kòm moun ki responsab sou evalyasyon an.

Ki kalite dokiman rezidan kay ke m kapab prezante ki pou sipòte aplikasyon pou èd mwen an? Piba gen kèk kalite dokiman ki kab bay prèv de rezidans:

- Bòdwo Sèvis Itilite Piblik ki gen non w (oswa non ko-aplikan an). Bòdwo a dwe pou youn nan gwo sèvis piblik yo, tankou elektrik, gaz oswa dlo
- Deklarasyon Komèsan ki vini ak adrès rezidans domaje a ak non w sou li (oswa non ko-aplikan an). Deklarasyon komèsan enkli: bòdwo kat kredi, notifikasyon livrezon, oswa lòt lèt ki vin nan lapòs adrese nan non w k ap montre adrès rezidans domaje a.
- Deklarasyon Amplwayè ki resevwa nan rezidans domaje a ak non w (oswa non ko-aplikan an). Yon deklarasyon anplwayè se souch pèman w ak menm kalite dokiman sayo ke yo voye ba w k ap montre adrès rezidans domaje a.
- Lisans Chofè Ajou w ak Lisans ki pa pou Chofè k ap montre adrès rezidans domaje a.

Ki kote m kab jwen enfòmasyon sou asirans pou inondasyon? Rele yon ajan asirans lokal ki lisansye pou aksidan oswa pwopriyete oswa rele Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (The National Flood Insurance Program –NFIP) nan 1-800-427-4661.

Eske m mèt kòmanse netwaye kay la anvan enspeksyon an? Ou gen dwa netwaye kay la anvan enspeksyon an. Si posib, pran foto domaj yo anvan w netwaye.

Eske m dwe kenbe resi m yo? Wi, ou fèt pou kenbe resi de tout depans ou fè yo.

2. Prè pou Dezas: Administrasyon Ti Biznis Etazini (Small Business Administration – SBA):

Poukisa mwen resevwa yon aplikasyon pou prè pou dezas de SBA aprè m fin ranpli aplikasyon ak FEMA? SBA se yon sous prensipal de fon federal pou asistans rekiperasyon pou victim nan dezas. Pou domaj dezas sou pwopriyete prive posede pa pwopriyetè kay, lokatè ak biznis tout gwosè ki pa fèm, ki pa konplètman kouvri pa asirans, fòm debaz èd Federal la se yon prè pou dezas ak enterè ba nan men SBA. Lè l fè de prè abòdab, pwogram SBA pou prè dezas la ede viktima dezas yo peye pou reparasyon yo pandan yap kenbe depans pou peyè-taks yo rezonab.

Kouman pou m jwenn èd pou ranpli aplikasyon pou prè dezas SBA? SBA gen ajan nan biwo dezas SBA lokal yo pou founi sèvis fas-a-fas pou viktim dezas yo. Ou gen dwa vizite SBA nan nenpòt lokasyon sayo, san randevou. Yon reprezantan SBA pral twò kontan reponn kesyon w ta genyen epi ede w konplete aplikasyon an. Pou jwenn kote biwo dezas SBA yo sitiye, rele SBA gratis nan 1-800-488-5323.

Si m déjà resevwa yon chèk nan men FEMA, men li pat kont pou peye pou tout travay domaj dezas ki gen pou fèt yo, eske m kapab jwenn plis èd? Wi. Prè dezas SBA yo disponib pou kouvri montan depans pou reparasyon yo ki pa déjà peye konplètman. Yon aplikasyon nan SBA gen pou fèt pou nenpò montant amplis ki nesesè pou konplete rekiperasyon an.

Men kwe ke m kab peye reparasyon yo poukонт mwen, eske fòk mwen aplike pou yon prè dezas? Ou gen dwa dekovri ke depans total pouacheve reparasyon yo poukонт ou piplis pase sa w te planifye a. Avèk yon prè SBA apwouve, ou pral konnen ke w kapab jwenn ase lajan pou konplete tout reparasyon nesesè yo. Pandan pèsòn pa bezwen plis dèt, yon prè ak enterè ba ak pèman abòdab se yon pi bon solisyon ke pa konplete tout reparasyon dezas ki nesesè yo.

Kisa k ap pase si men pa kapab peye pou yon prè pou repare domaj sou pwopriyete a? Si SBA detèmine w pa kapab peye yon prè, SBA pral otomatikman refere w tounen nan FEMA pou plis èd. FEMA gen dwa kapab founi w lajan pou lòt bezwen pase lojman; sepandan, èd adisyonèl sa a pa disponib pou biznis. Èd adisyonèl FEMA a fèt pou ede kouvri depans ki nesesè yo ak bezwen serye ki pa kouvri pa okenn lòt kalite asistans, ikonpri asirans ak prè dezas SBA. **Sonje**, si yo te voye yon aplikasyon pou prè dezas SBA pou ou, SBA pa pral refere w tounen bay FEMA sòf si yon aplikasyon ki konplete te remèt bay SBA epi SBA detèmine ke w pakab peye yon prè. Ou pa bezwen soumèt yon aplikasyon prè SBA pou yo kab konsidere w pou asistans lokasyon nan FEMA.

3. Dwa Sivil ou ak Asistans Dezas

Ki kalite diskriminasyon ke lalwa Dwa Sivil entèdi? Gen plizyè kalite diskriminasyon ilegal ki kapab limite opòtinite pou moun jwenn aksè a sèvis ak pwogram. Pami sèten bagay, pandan 1 ap opere yon pwogram ki asiste pa FEMA, yon benefisyè (ajans leta oswa gouvènman lokal ki resevwa fon Federal pou dezas nan men FEMA) pa kapab, baze sou ras, koulè, reliyion, nasyonalite, sèks, laj oswa estati ekonomik, ke l dirèk oswa atravè kontra:

- Refize sèvis nan pwogram, èd oswa benefis;

- Founi yon sèvis diferan, èd, oswa benefis, oswa founi yo nan yon jan diferan ke jan yo founi yo bay lòt; oubyen,
- Izole oswa trete endividé separéman nan nenpòt kesyon anrelasyon ak distribisyón nenpòt sèvis, èd, oswa benefis.

Entèdiksyon sayo aplike tou pou FEMA nan operasyon l ap fè lè l ap mennen pwogram Federal yo.

E si m gen yon plent pou Dwa Sivil? Chak Ajans Federal k ap founi asistans finansyè Federal responsab pou l fè envestigasyon sou plent pou diskriminasyon nan itilizasyon fon yo. Si w kwè ke oumenm oswa lòt ki pwoteje pa lalwa Dwa Sivil yo te sibi diskriminasyon nan distribisyón asistans pou dezas, ou kab kontakte youn nan Fonksyonè Dwa Sivil FEMA yo (Equal Rights Officers – ERO), ke jòb yo se asire ke aksè pou tout pwogram dezas FEMA yo egal pou tout. ERO a pral eseye rezoud pwoblèm ou yo. Ou kapab jwenn yon ERO lè w rele nan 1-800-621-3362 (1-800-621-FEMA) oswa TTY 1-800-462-7585.

Si pwoblèm nan pa rezoud, ou gen dwa depoze yon plent nan FEMA. Yon plent alekri, siyen, fèt pou voye bay Biwo pou Egalite Dwa (Office of Equal Rights), jeneralman nan 180 jou apre dat diskriminasyon sipoze a. Plent la fèt pou l enkli:

- Non w, adrès ak nimero telefòn. Plent w a fèt pou l siyen. Si w ap depoze pou yon lòt moun, enkli non w, adrès, nimero telefòn ak ki relasyon ou gen ak moun sa a (pa ekz., zanmi, avoka, paran, eks.)
- Non ak adrès ajans, enstitisyón oswa depatman ke w kwè ki fè diskriminasyon kont ou.
- Kouman, pouki ak kilè ou kwè yo te fè diskriminasyon a kont ou. Enkli kantite enfòmasyon ke w kapab sou zak diskriminsasyon sipoze a. Enkli non moun ke w kwè ki fè diskriminasyon kont ou yo, si w konnen yo.
- Non nenpòt moun, si w konnen, ke FEMA ta kapab kontakte pou enfòmasyon adisyonèl kap sipòte oswa klarifye akizasyon sou diskriminasyon ou a nan operasyon pwogram mennen pa gouvènman Federal la.

Kisa FEMA pral fè ak plent mwen an? Yon fwa plent ou a depose, FEMA pral revwa 1 pou detèmine si li gen jiridiksyon pou 1 fè envestigasyon sou kesyon w soulve yo. Si plent ou a aksepte, FEMA pral envestige 1 epi pral eseye rezoud nenpòt vyolasyon li ta jwenn. Si negosyasyon pou korije vyolasyon a pa reyisi, pwosedi aplikasyon pral entame.

E si yo fè reprezay kont mwen paske m revandike dwa m oswa paske m pote plent? Ou fèt pou okouran ke li entèdi pou yon benefisyè oswa yon ajans Federal pou yo fè reprezay kont ou oswa nenpòt moun akòz li opoze yon politik oswa yon pratik ilegal, oswa pote plent, temwayen oswa patisipe nan nenpòt aksyon plent anba lalwa Dwa Sivil. Si w kwè ke w te sibi reprezay, ou fèt pou kontakte touswit Biwo FEMA pou Dwa Sivil (Office of Equal Rights).

Deskripsiyon Rezon ki Inadmisib yo

1. Desizyon preliminè yo

I69B – Inelijib – Pa gen siyati (90-69B): Selon dosye FEMA yo, Fòm Deklarasyon ak otorizasyon pou divilge (90-69B) kit a fèt pou siyen pou valide aplikasyon an pa egziste san dosye a. Fòm sa a nesesè anvan FEMA kapab founi yon èd.

IAW – Inelijib – Menm adrès : Selon dosye FEMA yo, nan moman dezas la, aplikan an t ap viv nan menma drès ak yon moun ki deja ranpli yon aplikasyon pou èd pouy lojman aokasyon dezas sa a. FEMA kapab founi asistans pou sèlman yon aplikasyon pou chak adrès.

IDUPA – Inelijib – Doub enskripsiyon : Selon dosye FEMA yo, gen yon moun ki deja ranpli aplikasyon pou asistans pou dezas sa a. FEMA kapab konsidere yon sèl aplikasyon pa aplikan.

IID – Inelijib – Pa gen ase domaj : Selon rapò enspeksyon FEMA, yo konstate dezas la pa te okazyone kay aplikan dega kit a fèt kay la danjre pou yo abite ladann. Desizyon sa a baze sèlman sou domaj dezas la te okazyone nan kay la.

IIDV – Inelijib – Yo pa reyisi verifye idantite w : Anvan pou FEMA kapab konsidere yon aplikasyon, li oblige verifye enfòmasyon yo founi l nan aplikasyon an. Aktyèlman nou pa jwenn non aplikan ankoressonn ak nimewo sekirite sosyal la pou nou kapab idantifye l.

IMI – Inelijib – Enspeksyon an pat fèt : Selon dosye a, aplikan an pa t kenbe randevou l la ak enspektè FEMA a. Yon fason pou pèmèt FEMA konsidere yon èd pou lojman, aplikan an (oswa yon lòt manm kay la ki depase 18 lane) dwe kontre ak yon enspektè pou li evalye dega dezas la pwovoke nan kay la. San sa, aplikan an pa admisib pou FEMA konsidere bay li asistans lojman.

INCI – Inelijib – Kontak la pa t etabli pou enspeksyon : Yon enspektè FEMA pa t kapab kontakte aplikan an pou fikse yon randevou. Yon fason pou pèmèt FEMA konsidere yon èd pou lojman, aplikan an (oswa yon lòt manm kay la ki depase 18 lane) dwe kontre ak yon enspektè pou li evalye dega dezas la pwovoke nan kay la. San sa, aplikan an pa admisib pou FEMA konsidere bay li asistans.

INFI – Inelijib – Asirans inondasyon : Selon dosye nou, kay kote aplikan an t ap abite nan moman dezas la, kouvri ak yon asirans kont inondasyon. Akòz sa aplikan an pa

elijib pou asistans pou domaj kay la sibi poutèt kay la asire avèk yon asirans inondasyon.

INI – Inelijib – Asirans (avèk enspeksyon): Selon dosye nou yo, kay aplikan an te abite nan moman dezas la kouvri ak yon asirans. Tout domaj FEMA etekte pandan enspeksyon an, kontra dasirans aplikan an dwe kouvri yo. FEMA pa kapab founi yon asistans ki disponib nan yon lòt sous, ikonpri asirans, konsa aplikan pa admisib pou FEMA repare kay li oswa pou l ta mete aplikan an nan yon lòt plas. Se pou aplikan ranpli yon fòm reklamasyon voye l ba ajan asirans li a touswit, konsa FEMA va kapab ede l pou domaj asirans li a pa kouvri.

INO - Apèl – Inelijib – Asirans la kouvri frè sibzistans : Selon enfòmasyon aplikan an founi, asirans li gen souk ay li a founi lajan pou lwe yon kote pou li rete pandan y ap fè reparasyon nan kay li a. Nou pa resevwa dokiman ki montre aplikan an itilize tout lajan disponib la pou lwe tanporèman yon kote pou li rete oswa règleman asirans la te retade plis pase 30 jou apati dat aplikasyon aplikan an te depoze yon reklamasyon. Ankonsekans, FEMA pa asepte kontestasyon (apèl) aplikan an e aplikan an pa elijib pou resevwa èd FEMA.

INO – Inelijib – Kandida a pa yon Rezidan otorize (pa gen green card): AFòm Deklarasyon ak Otorizasyon pou divilge (90-69B) fèt pou siyen anvan FEMA kapab konsidere si yon aplikan admisib pou resevwa èd. Selon dosye nou, aplikan an pa endike si limenm oswa yon moun ki abite nan menm kay avèk li se yon sitwayen ameriken, yon sitwayen lòt peyi oswa yon Etranje ki kalifye. Ankonsekans, aplikan an pa elijib pou resevwa asistans FEMA.

INO – Inelijib – Kandida a pa kapab pwouve li se mèt kay la : Dosye nou endike aplikan an pa bay prèv lit e pwopriyetè kay la nan moman dezas la. Ankonsekans, aplikan an pa elijib pou FEMA fè reperasyon nan kay la, ni pou li founi èd pou renplasman.

INONV – Inelijib – Yo pa kapab verifye ki moun ki abite nan kay la : Lè aplikan an ranpli fòm aplikasyon an lit e endike se nan kay domaje a li abite majorite tan nan lane a. Nan moman enspeksyon FEMA, aplika an pa t kapab founi dokiman ki pwouve kay nou enspekte a se kote lit e abite. Jistan nou kapab verifye se nan adrès sa vreman aplikan an abite, aplikan an pa elijib pou FEMA bay yon asistans pou lojman.

INR – Inelijib – Li p ap chanje kay : Selon dosye FEMA a, aplikan an deklare enspektè FEMA li p ap lese kay domaje l la pandan y ap fè reparasyon yo. Poutèt aplikan an pa deside deplase, konsa li pa elijib pou FEMA ba li yon asistans pou lwaye nan moman sa a.

INS – Inelijible – Asire (san enspeksyon) : Selon dosye nou yo, kay aplikan an tea bite nan moman dezas la tea sire. Tout domaj ki te rapòte omoman yo te ranpli aplikasyon pou asistans FEMA a dwe kouvri avèk asirans aplikan an. FEMA pa kapab founi yon aisstans ki disponib nan yon lòt sous, ikonpri asirans; kifè aplikan an pa elijib pou FEMA fè reparasyon kay li a oswa founi aplikan an yon lòt kote pou l rete. Aplikan an dwe touswit prezante yon reklamasyon devan ajans asirans li a konsa FEMA va kapab ede l avèk pèt asirans la pa kouvri.

IOVR - Inelijib – Li depase maksimòm pwogram la : Selon dosye FEMA yo, FEMA deja founi aplikan sa a maksimòm èd pou lojman ak lòt bezwen tou. Kifè aplikan an pa elijib pou resevwa asistans finansye siplemantè nan men FEMA.

ISC – Inelijib – Kominote sanksyone nan yon zòn espesyal danje inondasyon (SFHA): Selon dosye FEMA, inondasyon te domaje kay la ki sitye nan yon zòn inondasyon nan yon kominote ki p ap patisipe koulye a nan Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon. Kòm kay inondasyon an domaje a sitye nan yon zòn espesyal pou danje inondasyon e poutèt kominote aplikan an p ap patisipe nan Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon an, FEMA pa otorize pou founi reparasyon ni asistans ranplasman koulye a.

NCOMP – Li pa respekte direktiv Asirans Inondasyon a : Selon dosye FEMA yo, yo te fè oblige aplikan an achte asirans kont inondasyon pou kouvri pwopriyete li a. Poutèt inondasyon te domaje kay la e aplikan an pa genyen kontra asirans ki anvizè ki anrejistre ak Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an, FEMA pa kapab founi reparasyon oswa ranplasman nan moman sa a. Toutfwa, FEMA kapab founi yon asistans pou lwe yon kay si yon enspektè determine kay la danje e aplikan an bezwen abite yon lòt kote pandan y ap egzekite reparasyon yo.

WVO – Retrè – Aplikan an retire aplikasyon li a volontèman : Selon dosye FEMA yo, aplikan an endike li pa bezwen asistans FEMA. Kifè aplikasyon pou asistans FEMA pou dezas la, elimine.

2. Desizyon konsènan apèl

A-I69B – Apèl – Inelijib – Siyati a manke (90-69B) : Selon dosye FEMA yo, fòm Deklarasyon ak Otorizasyon pou divilge (90-69B) a anrejistre men li pa siyen. FEMA kapab founi asistans sèlman si fòm 90-69B a siyen, date e anrejistre nan dosye a.

A-IAW – Apèl – Inelijib – Menm adrès : Nan yon lèt nou deja voye ba w, nou esplike dosye nou yo revele nan moman dezas la, aplikan an t ap abite nan menm adrès ak yon moun ki deja fè aplikasyon pou yon èd pou lojman FEMA. FEMA revize apèl e dokiman siplemantè e malgre sa li pa t kapab verifye aplikan an t ap abite yon kote diferan ak kote moun ki fè aplikasyon an. Kifè apèl la pa apwouve e aplikan an pa elijib pou asistans lojman FEMA.

A-IID – Apèl – Inelijib – Domaj ki pa sifizan – Pwopriyetè : Nan yon premye lèt, nou te esplike aplikan pa t elijib pou asistans FEMA pou lojman poutèt lè FEMA te enspekte kay la, yo te konstate dezas la pa t okazyone kay aplikan an domaj kit e ran li danje pou yo abite ladan l. Konklizyon sa a baze sèlman sou domaj dezas la te okazyone. Nou te esplike menm lè dezas la te lakòz domaj ki p at trè grav, rezonableman aplikan an oswa pwopriyetè kay la te kapab fè reparasyon sa yo. Nou te esplike dokiman yo ta kapab soumèt pou montre domajdezas la te okazyone kay la te rann li danje pou moun abite ladan l. Nou revize apèl la e nou kwè premye desizyon nou an te kòrèk. Kay la pa t sibi domaj kit e ran li danje pou aplikan an abite ladan l apre dezas la.

A-IIDV – Apèl – Inelijib – Yo pa t kapab fverifye idantifikasyon ou : Nan yon premye lèt, nou te esplike nou bezwen enfòmasyon siplemantè pou verifye idantite aplikan an anvan nou kapab konsidere aplikasyon pou dezas la. FEMA oblige verifye enfòmasyon yo soumèt ba li nan yon aplikasyon e nou pa t kapab fè koresponn non aplikan an avèk nimewo sekirite sosyal la pou verifye idantite l. Nou te esplike dokiman ki ta kapab pèmèt verifikasiyon nou bezwen fè a. Nou revize apèl aplikan an ansanm ak dokiman siplemantè li founi yo e malgre sa nou pa t kapab verifye idantite l. FEMA pa kapab founi yon moun asistansis, si li pa rive idantifye l dabò. Kifè, apèl lan pa apwouve e nou pa kapab kontinye trete aplikasyon koulye a.

A-IMI - Apèl – Inelijib – Enspeksyon pa fèt : Nan yon premye lèt, nou esplike pour FEMA konsidere pote asistans pou lojman, aplikan an (oswa yon rezidan nan kay la ki depase 18 lane) dwe kontre enspektè a pou estime domaj dezas la okazyone, e dosye nou yo montre aplikan an pa t kenbe randevou yo ak enspektè FEMA a. Aplikan an kontakte asistans telefonik FEMA a e yo te asiyen yon lòt enspektè pouf è estimasyon kay la. Yon lòt fwa ankò aplikan an pa t kenbe randevou an. Kifè nou p ap kapab ede aplikan an piplis.

A-INCI – Apèl – Inelijib – Pa t genyen kontak pou enspeksyon : Nan yon premye lèt, FEMA esplike fason pou FEMA kapab konsidere w pou yon asistans pou lojman, aplikan an (oswa yon lòt rezidan nan kay la ki gen plis pase 18 lane) dwe kontre avèk yon enspektè pou estime domaj dezas la okazyone nan kay la. Enspektè FEMA a pa t kapab kontre avèk aplikan an pouf è yon randevou. Aplikan an kontakte asistans telefonik FEMA a e yo te asiyen l yon lòt enspektè pou estime kay la. Apre plizyè

tantativ, enspektè a pa t kapab kontre ak aplikan an pou planifye yon enspeksyon. Kifè nou p ap kapab ede aplikan an piplis.

A-INFI - Apèl – Inelijib – Règleman Asirans pou Inondasyon manke oswa Lèt Refi :

Nan yon premye lèt, nou esplike aplikan an pa elijib pou resevwa èd FEMA pou reparasyon kay la oswa asistans pou ranplasman poutèt lit e genyen asirans kont inondasyon. Nou te esplike dokiman yo ta kapab soumèt pou konteste desizyon nou an. Nou revize apèl aplikan an ansanm ak dokiman siplemantè li founi yo e jouk koulye a nou pa kapab verifye montan règleman airans la peye aplikan an. Kifè, nou pa apwouwe apèl la e aplikan an pa elijib pou resevwa èd FEMA pou lojman an.

A-INI, A-INS - Apèl – Inelijib – Règleman Asirans pou Inondasyon manke oswa Lèt Refi a :

Nan yon premye lèt, nou esplike aplikan an pa elijib pou benefisyè reparasyon lojman FEMA oswa asistans ranplasman poutèt li gen yon asirans ki kouvri kay la. Lèt sa te dekri tou dokiman aplikan an ta kapab kominike pou konteste desizyon nou an. Nou revize dokiman aplikan an soumèt e nou pa kapab trete apèl la poutèt nou pa resevwa dokiman detaye sou règleman peman airans la oswa yon lèt refi airans la voye. Si aplikan an gen kesyon osijè dokiman ki manke toujou li mèt kontakte asistans telefonik FEMA.

A-INO - Apèl – Inelijib – Apre delè 60 jou a : Nan yon premye lèt, nou esplike nenpòt desizyon FEMA yo vle konteste fèt pou soumèt nan yon delè ki pa depase 60 jou apre desizyon nou an. Aplikan an te soumèt yon apèl men sèlman apre delè 60 jou yo te dejá fini. Kifè nou p ap konsidere apèl la amwens youn nan kondisyon say o te anpeche aplikan an reyalize apèl la : 1). Ospitalizasyon, malady, andikap oswa lanmò yon fanmi trè pwòch; 2). Vwayaj pèsonèl oswa pou biznis ki kenbe aplikan an andeyò zòn la pandan tout peryòd apèl la. Si aplikan an vle pou FEMA konsidere apèl la, aplikan an dwe voye yon lèt esplikasyon ansanm ak tout dokiman pétinan yo pou apwouwe poukisa aplikan an pa t kapab ranpli yon fòm apèl.

A-INO - Apèl – Inelijib – Règleman Asirans depase Montan domaj ki elijib pou FEMA : Okontré yon airans prive, pwogram FEMA pou reparasyon kay limite sèlman nan reparasyon ki endispansab. Kifè li pa ra pou règleman airans depase montan FEMA kapab founi kòm èd pou reparasyon. Poutèt FEMA pa kapab repeète airans founi, apèl aplikan an pa apwouve.

A-INO - Apèl - Inelijib – Aplikan an pa yon rezidan otorize (li pa gen green card) :

Nan yon premye lèt, nou esplike FEMA pa kapab konsidere aplikan an pou nenpòt asistans lit a kapab resevwa depi li pa endike nan Fòm Deklarasyon ak Otorizasyon pou divilge (90-69B) limenm oswa yon moun ki abite nan kay la se swa yon Sitwayen Ameriken, yon resòtisan lòt peyi oswa yon Etranje otorize. Nou te sijere ankò pou aplikan an ranpli e soumèt yon lòt fòm. Nou revize apèl aplikan an ansanm ak dokiman siplémentè li founi yo e jis koulye a nou pa kapab determine aplikan an oswa yon moun ki abite nan kay la se yon sitwayen Ameriken, yon Resòtisan lòt peyi oswa yon Etranje otorize. Kifè apèl aplikan an refize e yo p ap konsidere l pou asistans FEMA.

A-INO - Apèl - Inelijib – Kandida a pa reyisi pwouve li se mèt kay la : Nan yon premye lèt, nou te esplike aplikan an pa pwouve li se pwopriyetè kay la nan moman dezas la. Nou te dekri dokiman aplikan an ta kapab prezante kit a revele pwopriyetè kay domaje a. Nou revise apèl aplikan an ansanm ak dokiman siplémentè li founi yo, toutfwa, nou toujou enkapab verifye si aplikan an se mèt kay la. Kifè apèl la pa asepte e aplikan an pa elijib pou FEMA repare kay li nonplus pou founi yon asistans ranplasman.

A-INO - Apèl - Inelijib – Aplikan an pa kapab rambouse montan lwaye kit e anplis montan yo te apwouve a : Nou deja esplike kantite FEMA bay kòm asistans mansyèl pou lwaye depann sou kantite chanm akouche moun te okipe nan kay aplikan an omoman dezas la e montan an limite sou kantite lajan FEMA ak depatman Ameriken pou Lojman ak Developman Iben (HUD) te deside. Nou revise apèl aplikan an ansanm ak enfòmasyon siplémentè li founi. Nou jwenn kantite lajan mansyèl nou bay aplikan an se yon montan konvenab. Kifè, apèl la pa asepte e nou pa kapab peye w yon montan ki pi gwo.

A-INONV - Apèl - Inelijib – li enposib pou verifye si te gen moun ki t ap abite kay la: Nan yon premye lèt, nou te esplike kay aplikan an te rapòte dezas la te domaje la, nou pa t kapab verifye se la aplikan an te rete. Nou revise apèl aplikan an ansanm ak dokiman siplémentè li founi e jis koulye a nou pa kapab verifye kay aplikan an rapòte a se la li te abite. Kifè apèl aplikan an pa asepte e li pa elijib pou asistans FEMA pou lojman.

A-IOVR - Apèl - Inelijib – Depase maksimòm pwogram la : Nan yon premye lèt, nou te esplike deja aplikan an pa elijib pou asistans siplémentè FEMA poutèt montan maksimòm èd finansyè FEMA te deja fin distribye pou asistans lojman ak lòt bezwen dezas la okazyone. Nou revise apèl aplikan an ansanm ak dokiman li founi yo. Dosye nou yo montre aplikan an resevwa limit maksimòm asistans FEMA. Konsa, FEMA pa kapab founi aplikan an yon èd siplémentè.

A-ISC - Apèl - Inelijib – Kominote ki sinksyone nan SFHA : Nan yon premye lèt, nou esplike aplikan an pa elijib pou asistans FEMA pou reparasyon kay oswa asistans ranplasman poutèt kay la te sitye nan yon zòn inondasyon nan yon kominote ki pa fè pati Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP). Lèt la te esplike tou kilès dokiman aplikan an ta kapab soumèt pou konteste desizyon nou an. Nou revize apèl la ansanm ak dokiman nou resevwa yo. Dosye nou yo montre kay aplikan an sitye nan yon zòn inondasyon e domaj kay la sibi okazyone pa inondasyon. Kifè, nou refize apèl la e aplikan an pa elijib pou asistans FEMA pou lojman.

A-NCOMP - Apèl – Vyolasyon Kondisyon Asirans Inondasyon egzije yo : Nan yon premye lèt, nou esplike aplikan an pa elijib pou FEMA ni repare kay li ni founi li asistans ranplasman poutèt yo pa t pran yon asirans inondasyon yo te rekòmande yo pou pwoteje pwopriyete yo a. Kòm nou pa resevwa dokimantasyon ki pwouve kay la pa t domaje ak inondasyon e kòm nou pa resevwa dokiman ki montre aplikan an posede yon kontra asirans inondasyon ki aktif, nou pa asepte apèl la.

Echantiyon – Fòm 90-69B FEMA

Deklarasyon ak Dechaj

<p>DEPATMAN SEKIRITE TERITWA A (DEPARTMENT OF HOMELAND SECURITY) AJANS FEDERAL JESYON KA DIJANS (FEDERAL EMERGENCY MANAGEMENT AGENCY)</p> <p>DEKLARASYON AK DECHAJ</p>	<p><i>O.M.B. No. 1660-0002</i> <i>Li eksipre 31 me 2010</i></p>		
<p>DEKLARASYON AK DECHAJ</p> <p>Yon fason pou w elijib pou resevwa Asistans FEMA pou dezas, se pou yon manm nan gwoup moun ki abite nan menm kay avèk ou se yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ki pa sitwayen oswa yon etranje ki otorize pou abite Ozetazini. Tanpri li fòm sa a ak anpil atansyon, siyen fèy la e remèt li bay enspektè a, e montre l yon dokiman idantite ki gen foto ki resan. Tanpri pa ezite konsilte yon avoka oswa yon lòt ekspè imigrasyon si w genyen nenpòt késyon.</p> <p>Pa laprezant, mwén déclare sou sèman (tcheke youn):</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Mwen se yon sitwayen oswa yon resòtisan ki pa sitwayen Ameriken. <input type="checkbox"/> Mwen se yon etranje otorize pou abite Ozetazini. <input type="checkbox"/> Ekri non timoun minè a avèk majiskil e endike laj li: Mwen se paran oswa gadyen yon timoun minè ki abite avèk mwén e ki se sitwayen ameriken, yon resòtisan ki pa sitwayen oswa yon etranje ki kalife Etazini. Ekri avèk majiskil non komplè ak laj timoun ki minè a: <p>Ak sitai mwén, mwén sètifye :</p> <ul style="list-style-type: none"> * Yo te soumet yon sèl aplikasyon pou tout moun ki abite nan menm kay avèk mwén. * Tout enfòmasyon m te founi konsènan aplikasyon pou asistans FEMA pou dezas m te sibi, yo vre e sense konfòmeman ak konesans mwén genyen sou sitiyasyon an. * M ap remèt tout lajan èd pou dezas FEMA oswa Leta te banmwén si mwén resevwa lajan asirans oswa yon lòt sous pou menm pèt yo, oswa si m pa itilize lajan FEMA pou dezas la pou rezon yo te bannwén li. <p>Mwen konprann, si mwén fè volontèman fo déclarasyon oswa m kache nenpòt enfòmasyon yon fason pou m jwenn èd pou dezas, se yon vyolasyon lalwa federal ansanm ak lalwa Leta, kikònptè penalite sivil ak kriminèl trè sevè, ikonpri yon amann ki rive jiska \$250,000, oswa prizon oubyen toulède alafwa (18 U.S.C. §§ 287, 1001 ak 3571).</p> <p>Mwen konprann yo kapab komini ke enfòmasyon mwén founi konsènan aplikasyon mwén fè pou asistans FEMA pou dezas avèk Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security – DHS) ikonpri, men pa selman sa, Biwo Imigrasyon ak Kontwòl Dwanye.</p> <p>Mwen otorize FEMA verifye tout enfòmasyon mwén ba li konsènan pwopriyete m, kote m abite, revni m, kote m travay ak depandan mwén genyen yon fason pou l deside si mwén elijib pou èd pou kòz dezas; e</p> <p>Mwen otorize tout gadyen k ap kenbe dosye sou mwén, asirans, anplwayè, nenpòt ajans prive ou piblik, sèvis finansye bankè oswa done konsènan kredi w pou divilige FEMA e/oswa Eta a enfòmasyon sou demann.</p>			
PRENON (ekri ak majiskil)	SIYATI	DAT NESANS	DAT SIYATI A
ID ÈNSPEKTÈ NIMEWO	DEAMNN APLIKASYON FEMA NIMEWO	DEZAS NIMEWO	
ADRÈS PWOPRIYETE KI DOMAJE A	VIL	ETA	KÖD POSTAL
DEKLARASYON LALWA OSIJE PWOTEKSYON ENTIMITE MOUN			
<p>Lwa Robert T. Stafford pou Èd dijans ak sekou aprè dezas (<i>Disaster Relief and Emergency Assistance Act</i>), 42 U.S.C. §§ 5121-5206, Dekrè-lwa 12148, njan lit e amande a, e Tit IV Lalwa 1996 sou Responsabilitè Pèsònel e Opòrtunitè travay (<i>Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act of 1996</i>), 8 U.S.C. §§ 1601 et seq., otorize pou kolekte enfòmasyon sa a. Itilizasyon prensipal sa a se pou konnen si w elijib pou resevwa èd FEMA pou dezas. Yo kapab kominike enfòmasyon sa yo bay : ajans federal, leta oswa local k ap founi asistans pou dezas, oswa gouvenman local oswa ajans benevol w te mande asistans, yon fason pou èfò asistans oswa sibvansyon yo pa double; oswa bay ajans, organizayon ak enstisyon pou FEMA kapab jwenn enfòmasyon nan men yo lè l app ran desizyon konsènan elijibilité; bay ajans federal, leta oswa gouvenman local pouf è pwomosyon planifikasyon ak egzekisyon kontwòl risk yo, bay ajans federal egzekisyon lalwa oswa ajans pwofesyonel kote kapab genyen yon vyolasyon oswa yon possibile vyolasyon lalwa a, bay ajans federal, leta oswa local lè nou mande yon enfòmasyon ki depann sou desizyon yon Ajans osiјe emisyon yon don oswa yon sibvansyon, oswa nan kèk sikorans lè yon ajans federal mande yon enfòmasyon konsa pou yon ezon ki simile nan men nou, bay yon biwo Kongrè a anrepons ak yon ankèt yon moun mande Biwo Administrasyon e Bidjè (OMB) ki gen pou wè ak lejislatyon sou sekou prive konfòmeman ak Sikelè A-19; ak Administrasyon Achiv Nasyonal ak Dokiman ki anrejistre administrasyon enspeksyon an te egzekite anba otorite 44 U.S.C. §§ 2904 ak 2906. Se pou w komini ke nimewo sekirite sosyal ou pandan enskripsyon an, konfòmeman ak Lwa konsènan amelyorasyon koleksyon dét (<i>Debt Collection Improvement Act of 1996</i>), 31 U.S.C. §§ 3325(d) ak 7701(c)(1). Se volontèman yo kominike nimewo sekirite sosyal ak lòt enfòmasyon, men si yo pa fè l, sa kapab lakòz delè oswa menm pou yo pa akòde asistans pou dezas la.</p> <p>AVI KONSÈNAN DIVILGASYON FÔMALITE ADMINISTRATIVE YO</p> <p>Pou ranpli fômalite administrativ sa yo, w ap bezwen 2 minit anmwayèn pa repos. Nan tan sa genyen tan pou revize enstriksyon yo, pou kolekte done yo, pou ranpli e prezante fòm la. Yo pa mande w konplete kelèk enfòmasyon sa yo amwens gen yen nimewo kontwòl O.M.B. ki endike nan mwén adwat fòm sa a. Voye kòmanèt w sou kijan kantite travay fòm sa a mande ak estimasyon tan rap ran pou ranpli fòm la kòrek nan : Information Collections Management , U.S. Department of Homeland Security, Federal Emergency Management Agency, 500 C Street, SW, Washington, DC 20472, Paperwork Reduction Project (1660-0002). NOTE: Pa voye fòm ou déjà ranpli a nan adres sa a.</p>			

Fòm FEMA 90-69B, ME 07

RANPLASE TOUT VÈSYON ANTERYÈ YO

**SI W SISPÈK YON MOUN AP DEPOZE
REKLAMASYON DEDOMAJMAN KI PA
KÒRÈK, RELE NIMEWO GRATIS FEMA
POU FWÒD:**

1-800-323-8603

**EDE FEMA ASIRE L SÈL MOUN
KI MERITE ÈD POU DEZAS
RESEVWA ASISTANS SA A.**

**MOUN KI FÈ FO
DEKLARASYON POU
DEDOMAJMAN AP
DERESPEKTE LALWA
FEDERAL.**

Asistans FEMA disponib ba tout moun oswa gwooup moun ki abite nan yon menm kay ki afekte ki ranpli kondisyon elijibilite yo. Pa gen okenn òganizasyon oubyen anplwaye federal, yon Eta oswa lokal (oswa ajan yo) ki kapab fè diskriminasyon kont kèleswa moun lan poutèt ras, koulè, sèks, peyo kote li sòti a, andikap oswa sityasyon ekonomik li.